ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ

ЖУРНАЛИСТИКА ТӘЛИМ БАҒДАРЫ

АШЫҚ ХАБАР СИСТЕМАЛАРЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚӘЎИПСИЗЛИК ПӘНИНЕН

# РЕФЕРАТ

ЖУМЫСЫ

ТЕМАСЫ: НЕЙРОЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕЎ

ОРЫНЛАҒАН: Қутыбаева А.

ҚАБЫЛЛАҒАН: ОРАЗЫМБЕТОВА З.

НӨКИС-2015

**ЖОБА:**

**КИРИСИЎ**

**А) НЕЙРОЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕЎ ТҮСИНИГИ**

**Б) НЕЙРОЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕЎДИҢ БҮГИНГИ КӨРИНИСЛЕРИ**

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

# КИРИСИЎ

Адам бул өмирде жасай отырып, ҳәр қашан да кеўлинде бир арзыў менен жасайды. Әлбетте, ҳәр биримиз арзыўларымыздың тезирек әмелге асыўын қәлеймиз. Бирақ, көбинесе бундай бола бермейди. Демек, арзыўларымыз әрманға айланбаўы ушын не ислеўимиз керек? Қәнигелердиң айтыўына қарағанда, ең тийкарғысы исеним екен. Сол арзыўларға жете алыўға ҳәр биримиз исениўимиз керек. Бунда тийкарынан бийкарлаўды бийкарлаў усылы үлкен әҳмийетке ийе. Бул усыл әмелий психологияның тийкарғы усылларынан бири болып, илимде нейролингвистикалық дәстүрлеў (НЛД) деп аталады. Бул усыл арқалы өзиңизди қызықтырып жүрген сораўларға жуўап алыўыңыз, өмириңизди өзгертип жибериўиңиз, үлкен жетискенликлерге ерисиўиңиз мүмкин. Бул усыл тийкарынан сөзлерди дурыс қолланыўға бағдарланған. Оған муўапық, бийкарлаўшы түсиниклерден пүткиллей қутылыў керек. Яғный, грамматикадағы фейилдиң болымсызлық формасы (-ма, -ме, -ба, -бе…) деп аталатуғын сөз формаларын улыўма қолланбаў керек. Әпиўайы бир мысал, кишкене балаға «бақырма», «ислеме» деген сайын ол бәрибир ислеп көреди. Мәселен, «аўырмаўым керек» деп ойлаўдың орнына нейролингвистикалық дәстүрлеў арқалы «саў-саламат болып жүриўим керек» деп ойлаў керек болады. Яғный, нейролингистикалық әстүрлеў пикирге

қарсы пикирди оятыў арқалы ҳәр қандай адамның психологиясына унамлы тәсир көрсетиўден ибарат болады.

Демек, бул жумысымызда нейролингвистикалық дәстүрлеў ҳаққында сөз етемиз.

## НЕЙРОЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕЎ ТҮСИНИГИ

Тарийхта болған шегараларды өзгертиў белгили бир аймақларды басып алыў ушын 15 мыңнан аслам урыслар болып өткен. Бир ғана XX әсирдиң өзинде инсаният 1200ге шамалас урысларды бастан өткерди. Урыслар ҳәр қашан үлкен машқалаларды пайда еткен. Урыслар ҳәм қарама-қарсылықлар бүгин де тамамланғаны жоқ. Усындай жағдайда халқымызды, жасларымызды, ҳәр қыйлы информациялық қәуиплерден сақлаў, ҳәзирги қурамалы заманда халық аралық майданда жүз берип атырған процесслердиң түпкиликли мәнисисне жетип барыў, олар ҳаққында қалыс пикирге ийе болыў бүгинниң әҳмийетли ўазыйпаларынан бири есапланады. Бүгинги дүнья ҳәм онда жүз берип атырған процесслер бизди сергекликке шақырады. Жасап атырған дәўиримиз дүньяда идеологиялық қарама-қарсылықлар қурамалы түске кирген, идеологиялық полигонлар ядро полигонларынан да күшли болып баратырған дәўир есапланады.

XX әсирдиң орталарында инсаният раўажланыўының әҳмийетли басқышы есапланған информациялық технологиялардың раўажланыўы, мәлимлеме алмасыўының жаңа көринислериниң жүзеге келиўи көплеген информациялардың тарқалыўына алып келди. Усы дәўирден баслап қәнигелер тәрепинен «информациялық ҳүжим», «информация уныш гүрес» түсиниклери қолланыла басланды. Информациялық технологиялардың

раўажланыўы себепли XXI әсирдиң басларына келип жаңа ресурслар, байлықлар ушын гүрес улыўма жаңаша формада көрине баслады.

Ҳәзирги дәўирде жаслардың көз қарасының қәлиплесиўине телевидениениң күшли тәсиринен де көз жумып қараўға болмайды. Бул тараўдағы тәсирлер ҳәр қыйлы телесериаллар ҳәм кабелли телевидениелер тәрепинен узатылып атырған ҳәр қыйлы бағдарламаларда өз көринисин таўады. Әсирес, эфир ўақтының үкен бөлегин миллий қәдириятларымыз, дәстүрлеримизге сәйкес болмаған телесериаллардың бәнт етилиў тәшўишленерли жағдай есапланады. Қалаберди, басқа миллет әпсаналары тийкарында жаратылған, миллий қаҳарманларды сәўлелендиретуғын телесериаллар жасларда өз тарийхы, миллий қаҳарманларға деген итибарсызлықтың артыўына, бул болса өз гезегинде жасларда миллий мақтаныш, өз тарийхы менен мақтаныў сезиминиң сөниўине алып келиўин өз алдына айтып өтиў керек.

Ҳәр қыйлы идеяларды пропагандалаўда заманагөй мобиль телефонларының да үлеси үлкен болмақта. Телефон аппаратларына жазылған бузықлық, жаўызлық ямаса қандайда бир шөлкемниң, топардың хызметин пропагандалаўшы роликлер, клиплердиң көбейип баратырғанлығы, жаслардың тәрбиясы, минез-қулқының бузылыўына алып келмекте. Сондай-ақ, бундай информациялар жасларда милий қәдириятларымыз, түрли

байрамларымызға деген гүманның ояныўына да себепши болып атырғанлығы аянышлы болмақта.

Айырым қәнигелер информациялық ҳүжимге ҳеш нәрсени қарсы етип қойыўға болмайтуғын шприц тәсирине уқсатады. Бундай уқсатыўда қандайда бир ҳақыйқатлық бар.

Егер белгили бир идеяны, ол өтирик болса да, ҒХҚ ҳәдден зыят көп ҳәм түрли формаларда тәкирарлай берсе, аудитория (усы идеяға дәслепки басқышта исенбеген болса да) бара-бара кейин ала исенетуғын болады. Ҳәр қыйлы усылларда, барлық ҒХҚ да белгили бир пикирди тәкирарлаў адамның астынғы санасына тәсир етеди ҳәм ол усы пикирге исенетуғын болады. Бул процессти қәнигелер нейролингвистикалық дәстүрлеў деп атайды. Усы жол арқалы информациялық ҳүжимге жол ашылады.

## НЕЙРОЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕЎДИҢ БҮГИНГИ КӨРИНИСЛЕРИ

Демек, информациялық ҳүжим тәсир ететуғын арнаўлы үскене ҳәм қураллар арқалы әмелге асырылады. Информациялық ҳүжимниң қәсийетлери төмендегилерден ибарат:

1) Информациялық қуралын ислеп шығыў оншелли қымбат емес ҳәм бул исти түрли тараўлардың қәнигелери орынлаўы мүмкин.

2) Шегаралардың жоқ екенлиги: мәмлекетлер, нызамлы ҳәм нызамсыз ҳәрекетлер, әскерий ҳәм әскерий болмаған саўашлар ҳәм т.б.

3) Ҳүжимниң алдын алыўдың илажы жоқлығы.

4) Зыянды есаплап шығыўдың қурамалылығы.

Ҳәммемизге белгили, айырым Батыс журналистлери бир тәреплемели сынға оғада өш болады. Сенсация үстем болған орталықта кимлердидур жаман атлы етиў, абыройын төгиў әдеттеги көринис сыпатында қабыл етиледи. Айырым ўақытларда болса буған нейтраллық ҳәм жанкүйерликлерден басқа жаман нийетлилик формалары да қосылады.

Соңғы жылларда бир неше абыройлы халық аралық шөлкемлер тәрепинен дүнья жүзи көлеминде информациялық технологиялардың раўажланыўына

байланыслы болған есап ҳәм протоколлар исленбекте. Олардың дерлик бәршесинде Дания информациялық технологиялардың раўажланыўы бойынша жоқарғы орынларда екенлиги айтылмақта. Жақын күнлерге шекем үлкен сиясат майданында аты онша көп тилге алына бермейтуғын, сондай-ақ, елеге шекем конститутциялық монархия сыпатында өмир сүрип атырған усы елдиң информациялық жәмийетке өтиў бойынша белсенди болыўының қандай сырлы тәрепи бар? Бул сораўға Копенгаген радиосының Орайлық Азия бойынша хабаршысы Майкл Андерсен төмендегише жуўап берип өтти:

- Данияның информациялық жәмийетке өтиўдеги сыры жүдә әпиўайы. Елимизде информация жоқары қәдирият дәрежесине көтерилген. Усы принципке тийкарланып елимизде барлық пуқараларға информация алыў бойынша теңдей имканиятлар берилген. Атап айтқанда, экономикалық басқарыў мәкемелеринде басшы да, әпиўайы жумысшы да дерлик бердей информацияға ийе болады. Басшының тек өзине белгили болған информациялар сийрек жағдайларда ушырасады. Усындай жағдайларда егер де басшы жумыста болмағандада қәлеген жумысшы оның ўазыйпасын орынлап кете алады…

Ҳақыйқатынан да, адамзат цивилизациясының жаңаша дәўири ретинде баҳаланып атырған информациялық жәмийетти қәлиплестириўде

информациялық технологияларды раўажландырыўдан да гөре халыққа информация алыў имканиятын жаратып бериў әҳмийетлирек болмақта. Бул пикир жүдә тартыслы пикир болып көриниўи де мүмкин. Себеби, информациялық жәмийет идеясының «аталары» есапланған Д.Белл, Ю.Хаяши, Э.Тоффлер сыяқлы илимпазлар адамзаттың жаңаша дәўирге өтиўинде информациялық технологиялар тийкарғы орынды ийелейтуғынлығын айтып өткен. Деген менен, ҳәзирги дәўирде жүз берип атырған ўақыялар «үшинши толқын»ның жүзеге келиўи ушын техника-технологияны раўажландырыўдың өзи жеткиликли емес екенлигин көрсетпекте. Себеби, белгили бир мәмлекетте заманагөй технологиялардың бар екенлиги ол жерде еле информациялық жәмийетти жүзеге келтириў ушын жеткиликли емес. Бунең ушын халық информация алыў бойынша кең ҳәм тең имканиятларға ийе болыўы, жәмийетте жоқары дәрежедеги информациялық мәдeният қәлиплесиўи зәрүр.

«Информациялық жәмийет» термини ҳәзирги ўақытта ғалаба хабар қуралларының сөзлик қурамында көбирек ушырайды. Сондай-ақ, бул термин дүньяның жоқары минберлеринде абыройлы мәмлекетлик искерлер тәрепинен жийи-жийи тилге алынбақта. Себеби, адамзат өз келешегин информациялық жәмийет тымсалында көрип атыр. Раўажланған Батыс еллери әллеқашан информациялық жәмийетке өтиў бойынша стратегиялық бағдарламаларын

ислеп шыққан. Мәселен, АҚШта 1993-жылы миллий информациялық инфраструктурасын шөлкемлестириў бойынша арнаўлы топар дүзилген (ол жерде «информациялық жәмийет» атамасының орнына «миллий информациялық инфраструктура» атамасы қолланылады). Европаның 27 мәмлекетин бирлестирген Европа Аўқамында да 1994-жылы бул бойынша арнаўлы ҳәрекет бағдарламасы ислеп шығылған (Europe and global information society. Recommendations to the European Council. May, 1994). Канадада болса «информациялық жәмийет»тиң орнына «информациялық магистраль» (information highway) атамасы қабыл етилген. Бул мәмлекетте информациялық магистральға өтиў бойынша белгили бағдарлама әмелге асырылмақта. Усы мақсетте ҳүкимет қурамында информациялық жәмийет машқалаларын үйренетуғын мәсләҳәт кеңеси шөлкемлестирилген. «Информациялық магистраль», «информациялық инфраструктура» ямаса «информациялық жәмийет» - қалайынша аталыўына қарамай, бундай концепцияларда өз ара байланыслылық, уқсаслық көзге тасланады: булар «жәмийеттеги барлық өним инсан мәплерине хызмет етиўи керек, пуқара мәмлекет ушын емес, мәмлекет пуқара ушын керек» деген принципке тийкарланады.

Узақты көре алатуғын илимпазлар тәрепинен алға сүрилген информациялық жәмийет идеясы капитализм,

социализм ҳәм сол сыяқлы «изм»лердиң биринен басқа ҳеш нәрсе емес. Бирақ, бул идея өзгеше бир қүдиретке, өзине тартып туратуғын магнитке ийе.

Усы орында бир сораў пайда болады: Раўажланған ҳәм раўажланып атырған дүнья – бөлеклерге бөлинген Жер планетасын бир мақсет жолында бирлестирип, бир жағадан бас шығарыўға шақырып атырған информациялық жәмийет идеясының сыры неде?

Усы тәлийматтың тийкарын салыўшылардың бири есапланған япон илимпазы Ю.Хаяшидиң «Японияның информациялық жәмийети: темалар ҳәм талқылаўлар» (Japan’s Information Society: Themes and Visions) деп аталған концепциясында адамзат турмысының жаңаша цивилизация басқышында компьютер ҳәм информациялық технологиялардың әҳмийетиниң кескин артып кетиўи болжанған («информациялық жәмийет» атамасы ең дәслеп усы илимпаз тәрепинен илимге киргизилген). Оның пикирине қарағанда, «жаңаша жәмийет» идеясы ең дәслеп Екинши жер жүзилик урыстан соң ўайран етилген япон мәмлекетшилигин тиклеў, оны аяққа көтериў мақсетине хызмет етиўи керек еди. Бирақ, ўақыттың өтиўи менен информациялық жәмийет идеясы тек миллий шеңбердеги процесс емес, ал глобаллық қатнасықларға байланыслы мәселе екенлиги анық болды.

Япон илимпазларының болжаўларына қарағанда адамзат келешекте басқышпа-басқыш белгили бир жәмийетлик классларсыз ҳәм де қарама-қарсылықларсыз болған жасаў шәраятына өтеди. Усы орында информациялық жәмийеттеги «классызлық» түсинигин социалистлик идеологияның түсиниклериниң бири есапланған көз қарастан ажырата алыў керек. Себеби, социалистлик тәлийматта қурғын адамлардың мал-мүлкин тартып алып, кәмбағалларға бериў арқалы жасалма түрде классыз жәмийет орнатыў жолы таңланған. Информациялық жәмийетте болса, классызлыққа тәбийий түрде, яғный халықтың барлық қатламларына теңдей абадан турмыс, өз искерлигин көрсете алыў имканиятын бериў арқалы ерисиледи.

Күншығыс елиниң илимпазлары тийкарғы принцип сыпатында келтирип өткен екинши тәреп – қарама-қарсылықсызлық болып табылады. Адамзаттың бизге белгили болған тарийхына нәзер аўдарсақ, оның көпшилик бөлеги урыслар, қанлы саўашлар ҳәм қарама-қарсылықларға толып кеткенлигин көремиз. Қарама-қарсылықлар менен урыслар адамларды бездирип жиберди. Сонлықтан, адамлар көздеги жас сыяқлы қалқып туратуғын дүньяда тынышлық, парахатшылық болыўын қәлейди. Жаңаша жәмийет болса адамлардың кеўлиндеги усындай турмысты ўәде етпекте. Бизиң ойымыз бойынша,

информациялық жәмийет идеясының күши де, магнити де, сыры да усында!

Тарийхтан белгили, бир ўақытлары дүньяны қорқынышқа салған Рим империясы теңсиз әскерий қүдиретке ийе болған. Соның арқасында оғада үлкен болған мәмлекет жүзеге келген. Бирақ, тамырлары қан менен суўғарылған империяны сақлап қалыў ушын тек әскерий қүдиреттиң өзи азлық ететуғын еди. Рим империясының дәслепкилерден болып қағаз өндириў техникасын өзлестиргенлиги де сол ўақытларда оғада әҳмийетли болған. Анық етип айтқанда, папирус қағазларына жазылған мағлыўматлар пүткил империя бойынша турақлы түрде ҳәрекетленген, яғный империяда өзине тән информация алмасыў жолға қойылған. Бул болса мәдений қәдириятларды тез ҳәм жақсы өзлестирип алған мәмлекеттиң қарсыласларынан үстем болған тәрепи еди. Бул империяны жоқарыға илгерилеткен тийкарғы факторлардың бири еди.

Егер буннан жүз жыллар алдын информацияға сонша турмыслық зәрүрлик сезилген болса, бүгинги күнде ол теңсиз байлық дәреги екенлиги менен бирге, пүткил бир цивилизацияның жүзеге келиўине тийкар болып атырғанлығы таң қаларлы ўақыя емес. Жәмийеттиң раўажланыў пәти ҳәм бағдары биринши гезекте жумысшылардың ақылый дәрежеси ҳәм пикирлеўине бола усындай жуўмаққа келиўге болады. Себеби, адам

қалайынша пикир жүргизсе, дүньяны аңласа, әтирапты қалайынша көз алдына келтирсе жәмийеттиң раўажланыўы жолы да солайынша болады.

Америкалы белгили футуролог илимпаз Эльвин Тоффлер адамзат тарийхын аграр (эрамыздың XVIII әсирине шекемги болған ўақыт), индустриал (эрамыздың XVIII әсиринен XIX әсирдиң екинши ярымына шекемги) ҳәм постиндустриал (XIX әсирдиң екинши ярымынан басланады) сыяқлы үш толқынға бөлгенинде жоқарыдағы факторды – адам санасындағы өзгерислерди есапқа алған.

Аграр дәўирде адамлар тийкарынан өзлестириўши мийнет арқалы күн көрген – тәбиятта бар болған өнимлерден барын барлай қолланды. Санаат революциясы басқышында болса оның ойлаў дәрежеси кескин өзгерди: қол мийнетинен қутылған адамлар техниканың жәрдеми менен абадан турмыс дәўирине қәдем таслады. Тоффлер «үшинши толқын» деп атаған информациялық жәмийетте болса, излениў, баслама көтериў ҳәм жаңалыққа умтылыў өмирдиң мазмунына айланады. Егер индустриал дәўирде адамлардың узағын жақын, аўырын жеңил еткен технология тийкарғы қәдирият есапланған болса, информациялық жәмийетте ол өзиниң орнын билимге босатып береди.

Енди информация барлық өнимлерден жоқары туратуғын дәўир келмекте. Бундай жәмийетте адамлардың

ортасындағы қатнасықларда информациялық фактор жетекши болады. «Егер кимде-ким ҳақыйқый информацияға ийе болса, сол дүньяға ҳүкимлилик етеди» деген гәп те ҳақыйқатқа айланады. Жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында информация шешиўши күшке ийе болады. Жәмийет информация арқалы дем алады, азықланады.

«Үшинши толқын» дәўиринде адамларға керексиз информация емес, илимий әҳмийетке ийе болған, илимге ямаса жәмийетке өзгеше бир жаңалық болған информация ғана қәдирли болады. Өтирик мағлыўматлар болса, есапсыз информациялардың арасында жоқ болып кетеди.

Информациялық жәмийет ҳаққындағы теориялық көз қараслар пайда болған дәслепки ўақытларда ол футуролог илимпазлардың келешек ҳаққындағы қыялы сыпатында қабыл алынғанлығы ҳақыйқат. Бирақ, соңғы он жыллықта раўажланған еллердиң ерисип атырған жетискенликлери информациялық жәмийет ҳаққындағы пикирлердиң қуры қыял емес екенлигин, ол әсте ақырын турмыслық ҳақыйқатқа айланып атырғанлығын көрсетпекте.

Фактлерге қарағанда, Биринши жер жүзилик урыстың басланғанлығы ҳаққындағы хабар Түркстанға алты айлық мүддеттен соң жетип келген екен. Ал бүгин ше? Секундлардың ишинде дүньяның қәлеген аймағы менен байланыс орнатыў имканиятын беретуғын заманагөй

коммуникациялық қураллар усы сыяқлы өтмиш ўақыяларын келешек әўлад ушын ертекке айландырып жиберди.

Усы орында информациялық жәмийеттиң дүзилисине итибар қаратып өтсек. Иформациялық жәмийет... «электрон коттедж»лерден қуралады. Бул пикир «саналы адамлар топары жәмийет деп аталады ҳәм ол инсансанлардан ибарат болады» деген көз қарас шеңберинде кәмалға келген әўлад ушын әдеттегидей болмаўы мүмкин. Себеби бул түсиниклер ҳәзирги дәўир шәраятында бир-биринен көп жақлама парқланатуғын сыяқлы. Бирақ айтып өтилген орталықта инсан менен компьютердиң бирлигинен жүзеге келетуғын «электрон коттедж» усы жәмийеттиң ең киши бирлиги болып табылады. Басқашалаў етип айтқанда, пал ҳәрրениң уясы сыяқлы информациялық жәмийет те «электрон коттедж»лерден жүзеге келеди. Бүгинги күнде Батыс еллериндеги «компьютер адамның өмирлик жолдасы» деген гәплердиң пайда болыўы да усы фактор арқалы характерленеди.

«2001-жылға келип киши дүканлардың ғалаба түрде жабылыўы басланады: бундай дүканларға талап қалмайды. Адамлар керекли затларды Интернет арқалы сатып алады». Бул – 1997-жылы Лондонда болып өткен халық аралық әнжуман қатнасыўшылары тәрепинен айтылған пикир еди. Сол ўақытлары дүнья баспа сөзи илимпазлардың бундай

қыялый жуўмағының үстинен күлип, сатиралық формада саўда тараўының ўәкиллери ертеңги тиришилик тәшўишин шешиўи керек екенлигин жазып үлгерген еди. Әлбетте, анық болмаған бул пикирлер әмелге аспай қалды. Бирақ, болжаўда айтып өтилгениндей, адамзат турмысына электрон саўда, электрон мөр, электрон кәрхана сыяқлы түсиниклер кирип келди. Адамлар өз үйинде – компьютер алдында отырып та пул табатуғын, университетте оқыйтуғын, зат сатып алатуғын, ҳәттеки... шаңарақ қуратуғын болды.

Көзи менен көргенине ғана исенип, материалистлик кейпиятқа берилген адамлар ушын информацияның ҳүкимранлығы өзгеше сезилиўи, ҳәттеки, қурғақ әңгиме болып та сезилиўи мүмкин. Бирақ, Ҳәзирден баслап раўажланған еллерде жәмийеттиң сиясат, экономика, мәденият, илим-пән сыяқлы жетекши тараўлары информация жәрдеминде раўажланып атырғанлығы бундай жуўмақ шығарыўға асықпаў керек екенлигин көрсетпекте. Ҳәзирги ўақытта информациялық-коммуникациялық тараў экономикалық секторда жаңа жумыс орнын жаратыў, өндиристи раўажландырыўдың тийкарғы дәрегине айланды. Бундай шәраятта жалпы ишки өнимде информациялық-коммуникациялық тараўдың үлеси салмақлы болмақта.

Сиясий секторда болса, информация демократиялық принциплердиң үстемлилигин тәмийинлеўи күтилмекте. Мәмлекетлик басқарыў процессинде информациялық-

коммуникациялық технологиялардың енгизилиўи пуқаралар ҳәм мәмлекетлик мәкемелер ортасындағы қатнасықларды либераллластырмақта. Бул процесс нәтийжесинде, дүнья ойшылларының әрманлаған жоқары мақсети – мәмлекетлик мәкемелер хызметиниң ашық ҳәм нейтраллығына ерисиўге хызмет етеди.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Солай етип, «XXI әсир - информация әсири» болып аталды. Журналистикада күн санап модернизация, илимий ҳәм әмелий жетилистириў процесси кең қәдем таслап, жәмийеттеги үлкен сиясий ҳәм социаллық ҳәрекетке келтириўши күшке айланды.

Раўажланыўдың демократиялық жолына түскен еллерде ҳәкимият пенен жәмийет ҳәм оның ағзалары арасындағы өз ара байланыстырыўшы ғана емес, жүрип атырған сиясий процесске тәсир жасаў, сол арқалы ҳәкимиятты басқарыў ислерине қатнасыўшы да болмақта. Енди, журналистика (ғалаба хабар қураллары) елди басқаратуғын нызам шығарыў, суд, атқарыўшы ҳәкимият органларынан кейинги «төртинши ҳәкимият» сыпатында мойынланыў дәрежесине еристи.

Адамзат турақлы орынларда жасап, алғашқы жәмийет дүзиўди баслағаннан берги жағында өз ара пикир алмасыў, мәлимлеме ҳәм жаңа хабарлар жеткериў зәрүрлиги пайда болды. Ал, басқарыўдың дәслепки мәмлекетлик формаларының қәлиплесе баслаўы менен шар тәрепке хабар жибериў, адамларды жыйнап, болып атырған ўақыялардан хабардар етиў, оларға ўазыйпалар жүклеў, тәртип-интизамға шақырыў зәрүрлиги келип шықты.

«Информациялық коммуникация әсири» деп аталған XXI әсир өзи менен бирге электрон газета, интернет

журнал, санлы телевидение ҳәм он-лайн режиминде ислейтуғын информациялық системаны да алып келди. Бул заманагөй журналистиканы сапа ҳәм оперативлилик бойынша жаңа басқышқа көтерди.

Нейролингвистикалық дәстүрлеў ҳәр бир пайдаланыўшы ушын психологиялық қорғаныў ўазыйпасын өтеў менен бирге информациялық ҳүжимде де тийкарғы усыллардан бири екенлиги анық болып қалмақта.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

**КАРИМОВ И.А.** «Миллий истиқлол мафкураси – халқ эътиқоди ва буюк кележакка ишончдир». Т, «Ўзбекистон» 2000. 23-24-бетлар.

**ЖУМАМУРАТОВА М.Т. «Информациялық жәмийет теориясы»** пәнинен (5А 320 101 - Журналистика (хызмет түрлери бойынша) қәнигелиги **магистратура 1-курс студентлери ушын) ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ.**

**ЖУМАМУРАТОВА М., ОРАЗЫМБЕТОВА З. «АШЫҚ ХАБАР СИСТЕМАЛАРЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚӘЎИПСИЗЛИК»** ТАШКЕНТ, 2009.

**www.google.com**